

ADULT EDUCATION CENTER LIV ENFÒMASYON POU ELÈV

Diplòm Lekòl Segondè

(GED) Pwogram Edikasyon
Jeneral

(ESOL) Anglè pou
moun ki pale lòt lang


Klas Laboratwa
pou Kredi

Alfabetizasyon

Sant ki ede chwazi
Pwofesyon / Metye

Klas Laboratwa pou
Tande

Edikasyon Preliminè



2161 North Military Trail
West Palm Beach, FL 33409
Telefòn: (561)616-7800


Orè lekòl la
Lendi - Jedi
8:00 a.m. - 9:00 p.m.
Vandredi
8:00 a.m. - 3:30 p.m.

Mr. Rick Swearingen, Direktè

www.TheAdultEducationCenter.com
www.TheAdultEdCenter.com

BYENVENI NAN SANT

swete ou byenveni. Enfòmasyon nan liv pou elèv



EDIKASYON POU GRANMOUN

Pwofesè ak anplwaye Sant Edikasyon pou Granmoun la ap sèvi gid pandan w anwole nan lekòl la.

Misyon sant edikasyon pou granmoun se garanti opòtinite pou tout elèv resevwa bon jan konesans ak devlope abilite pou w reyisi nan lavi a ak nan travay.

Nan sant edikasyon pou granmoun ou fè pati anviwon 2000 elèv granmoun ki genyen laj ak aptitud diferan; elèv yo sòti nan divès peyi, yo pale lang diferan, yo genyen kilti diferan. Ou jwen opòtinite pou resevwa **konesans, atitud, ladrès ak bon konpòtman** ki nesèsè pou devlopman pèsonel, ki ede ou vin sitwayen responsab epi fè pwogrè nan travay. Sa ki pi enpòtan nan chak klas se **patisipasyon elèv yo** nan aktivite ki efikas.

Elèv nouvo yo pran tès dyagnostik anvan yo antre nan klas. Nou itilize tès sa yo pou plase elèv yo nan klas ki apwopriye ak nivo konesans yo. Chak peryòd, pwofesè a bay lòt tès pou ede ou **wè pwogrè w fè** pou fini yon klas, chanje nivo, gradye nan lekòl segondè oswa pare pou pran egzamen "GED".

Se efò, atitud ak rezilta travay ou ki ba w siksè. Ou dwe **prezan, patisipe, e fè pwogrè**. Sonje nou tout la pou ede w reyalize objektif ou. Nou espere tan ou pase nan lekòl la ap yon siksè epi wa pwofite anpil anpil tout opòtinite sant la ofri.

Sensèman,

Mr. Rick Swearingen, Direktè

DWA AK RESPONSABLITE PA W

Sant edikasyon pou granmoun pran angajman pou bay pibon kalite edikasyon posib. Règleman sou konpòtman ak disiplin nan sant edikasyon pou granmoun tabli dapre Komite Depatman Edikasyon. Poutèt sa tout elèv dwe konfòme yo ak sa k di piba a:

- Lwa federal, lwa eta florid ak lokal, lwa sikilasyon ak pakin.
- Règleman komite depatman edikasyon nan rejyon "Palm Beach" la.
- Liv enfòmasyon pou elèv nan sant edikasyon pou granmoun.
- Enstriksyon direktis, pwofesè ak lòt manm pèsonel la ki pap kreye yon danje pou sante ak sekirite oswa k ap lakòz ou vyole lwa ki dejà tabli yo.

Ou dwe panse a byennèt lekòl la, anplwaye yo ak lòt elèv yo. Ou dwe:

- Gen politès pou tout moun epi respekte diferans.
- Travay di pou w fini fè edikasyon ou.
- Respekte dwa lòt moun genyen pou kontinye edikasyon yo.
- Konfòme w ak règleman lekòl la.

Ou dwe evite nenpòt konpòtman ki kapab:

- Nwizib pou lekòl la, anplwaye yo, elèv yo oswa kominote a.
- Afekte nan sans kontrè pèfòmans akademik ou.
- Twouble lapè jeneral ak bon fonksyonman oswa aktivite lekòl la.
- Kraze byen lekòl la

Okenn elèv pa gen dwa rantrè nan koze edikasyon yon lòt elèv. Se responsablite pa w pou respekte dwa tout moun ki patisipe nan pwosesis edikatif la.

PREZANS AK PWOGRE

Elèv nan sant edikasyon pou granmoun demontre angajman yo pran pou aprann lè yo **vini lekòl chak jou** ak lè yo **patisipe nan aktivite ki fèt nan klas la**. Elèv ki pa vini lekòl chak jou pa fè pwogrè rapid paske yo pa aprann teknik ki nesèsè pou avanse pi devan.

Ou dwe vini alè, siyen non ou, e rete nan klas la pou toutan li dire. Ou pa gen dwa kite klas la avan lè san yon rezon valab ni san pèmisyon pwofesè a. Elèv yo dwe siyen lè y ap kite klas la anvan lè oswa lè klas la fini. Pwofesè a ap make w absan si w kite klas la anvan lè san pèmisyon.

Si w pa vin lekòl pandan sis (6) jou swivi y ap retire non ou nan klas la apre sis jou sa yo.

Si w retounen pandan menm trimès la, ale nan direksyon an pou yo fè papye w.

Silvoulè pa rele nan direksyon lekòl la pou repòte w ap absan.

Sant Edikasyon pou granmoun se yon lekòl ki baze sou pèfòmans elèv. Pwofesè yo **evalye pwogrè w fè** dapre kantite pwen ki nesèsè pou w pase nan yon nivo pi avanse. Si toutan ou manke fè pwogrè, lekòl la gen dwa mete w deyò pou rezon nou di piba a:

- Pa patisipe nan aktivite ki ede elèv yo rive nan nivo akademik Pwogram Edikasyon pou Granmoun nan Florid ekzije.
- Pa vini pran tès evalyasyon pèfòmans pou elèv, lè w oblije vini.
- Refize asepte enstriksyon nan men pwofesè yo oswa administrasyon an.

LÒT ENFÒMASYON:

BADJ IDANTIFIKASYON Lè n andedan lekòl la, tout elèv dwe mete toutan badj idantifikasyon an, nan devan kòsaj, mayo oubyen ròb la, tigras piwo pase senti l kote yo ka wè foto a. Elèv yo dwe montre badj idantifikasyon lè yo vin pran tès nan sal 501 oswa 502. Enplis, tout elèv dwe mete badj lè genyen aktivite nan lekòl la tankou : Fwa pou jwen travay – Fwa bay swen sante gratis - Fwa sou chwazi pwofesyon – Bibliyotèk – Kafeterya.

BIBLIYOTÈK Ou kapab itilize liv, konpitè, asòtiman pou tande, elatriye, ki nan bibliyotèk la. Ou kapab prete liv yo pou yon tan limité. Ou dwe renmèt tout liv ou te prete, lè dat limit la rive. Ou dwe prezante badj idantifikasyon.

LIV YO Elèv nan klas maten, apre midi ak aswè itilize menm liv ak menm materyel. Poutèt sa ou pa gen dwa ekri nan liv yo oswa sòti nan klas la ak yo.

KAFETERYA Ou kapab achte tigoute ak rafrechisan nan machin nan kafeterya a sèlman anvan klas komanse oswa apre klas fini. Ou pa gen dwa pa ale nan klas oswa kite klas la pou ale nan kafeterya a, ni pote manje ak bwè andedan klas la. Silvoulè ede nou genbe kafeterya a pwòp. Anvan w ale toujou jete fatra yo nan poubel ki nan kafeterya a.

CHANJMAN NON OU, ADRÈS OUBYEN NIMEWO TELEFÒN Fè direksyon an konnen si non ou, adrès oswa nimewo telefòn ou chanje. Ranpli fòm chanjman nan kontak epi pote dokiman tankou akt/sètifika maryaj, akt/sètifika divòs oswa akt/sètifika batèm.

SIKSÈ NAN ABIYE Wa resewa yon kopi separe sou règleman abiman lekòl la. Ou dwe konfòme w ak règleman kòman pou abiye lè w nan lekòl la.

PLENT ELÈV Mande fòm sa a nan Depatman pou Konsèy (Guidance Office)

RÈGLEMAN SOU ENTIMIDASYON AK ARASMAN: (Règleman #5.002) Mande fòm yo nan Depatman pou Konsèy (Guidance Office) Ou kapab retounen fòm nan Biwo Konseye oswa nan Direksyon an. Ou kapab retounen fòm sa nan bwat ki pa deyò direksyon an.

AKSIDAN Si yon aksidan rive w oswa rive yon lòt moun nan lekòl la fè direksyon an konnen sa touswit. Nan ka dijans, anplwaye lekòl la va eseye kontakte fanmi ou. Lekòl la pa genyen enfimyè poutèt sa y ap rele 911 pou tout aksidan ki grav.

MESAJ AK RELE NAN TELEFÒN Lekòl la pap bay elèv mesaj eksepte si ka ijan. Elèv yo pa kapab itilize telefòn nan direksyon an oubyen telefòn nan klas yo. **Elèv yo dwe fèmen selilè yo anvan rantre nan klas pou evite deranje klas la.** Silvoulè fè fanmi ak zanmi w konnen ou pa kapab pran apèl lè klas la ap fonksyonnen. Si w pa swiv règleman sa a, y ap mande ou kite klas la epi y ap make w absan pou jou a.

PAKIN Obeyi règleman sou pakin nou di piba a nenpòt lè w ap kondui machin nan lakou lekòl la. Si w pa obeyi règleman sa yo w ap pèdi privilèj gare machin ou nan lekòl la.

- Gare nan pakin ki deyè nan lakou lekòl la nan nenpòt plas ki make **anblan**. Pakin ki devan yo ak lòt plas ki make yo, rezève pou anplwaye, chofè andikape ak vizitè. Si w estasyonen nan plas ki rezève y ap rale machin ou se oumenm k ap peye frè yo.
- Toujou kondui ak prekosyon nan pakin lekòl la. Toujou swiv flèch ak siy yo.
- Bese volim radyo w byen ba lè ou nan pakin lekòl la.
- **Pa gare pabak nan pakin yo**; antre devan machin nan anvan.
- Piga estasyonen machin ou nan okenn biznis nan vwazinaj lekòl la. Y ap rale machin ou se oumenm k ap peye frè yo.

MONTE BISIKLET Piga monte bisiklèt nan lakou lekòl la. Lè w rantre nan baryè lekòl la desann bisiklèt ou, pouse l rive nan sipò pou bisiklèt ki deyè kafeterya a. Fèmen li akle pou sekirite. Lè lekòl lage pouse bisiklèt la soti deyò lekòl la.

RADYO, KÒNÈ POU ZÒRÈY, BIPÈ, ELATRYE Tout ekipman elektwonik dwe sou pozisyon "off" lè w nan klas la. Silvouplè fè fanmi ak zanmi w konnen ou pa kapab pran apèl lè w nan klas.

FIMEN Li kontrè ak lwa leta Florid la pou w fimen nan sant edikasyon pou granmoun. Lwa leta Florid sou kalite lè moun ap respire entèdi fimen nan okenn bilding piblik.

VIZITÈ Tout vizitè dwe pase nan direksyon an, siyen non li, rezevwa yon badj vizitè. Ou pa kapab ale nan klas si non w pa nan lis ofisyel lekòl la. Yo kapab arete vizitè ki pa respekte règleman sa a.

NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN

Direksyon.....(561) 616-7800
 Dept. pou konsèy..... (561) 616-7815
 Polis lekòl la.....(561) 616-7808
 Bibliyotèk.....(561) 616-7822



Dept. Anglè (ESOL)..... (561) 616-7825
 Dept. "ABE/GED"..... (561) 616-7821
 Biwo "GED".....(561) 616-7826
 Sant ki ede chwazi pwofesyon.....(561) 616-7824